

## ТУГЪДÆЙ КУМÆДÆРИДДÆР ФÆЛЛЕДЗÆ, УÆДДÆР ДÆ БАЙЙАФДЗÆНÆЙ!..

***Рагонкитайаг балхон æма ахургонд ЛЮЙ Чжи (1300-1375) загъта: «Тугъдмæ æма хуæцæнгарзмæ æвналун гъæуй, æндæр мадзал ку нæбал уа, айдагъдæр уæд. Æнæзунд миуæ 'й, бæстæ устур æма гъæздуг ке æй, уомæ гæсгæ тугъд райдайун. Е æртæруй дæрæн æма хæлæттагмæ, æма уæдмæ байрæги уй фæсмон кæнунæн. Тугъдон миутæ зингиссугъди хузæн æнцæ: афойнадæбæл сæ ку нæ бауорамай, уæд бунсугъд бакæндзæнæнцæ еугур фалдзостæ дæр...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№26 (765) 2020 анзи 8 сентябрь – рухæни мæйæ

Аргъ 1 туман


### НÆ УÆЛИНДЗÆЙ КÆСГÆЙ




ХЕКЪИЛАТИ Маринæ,
журналист


## ЦАРДИ ФÆРÆЗНÆН ÆМГУСТИ ФУЛДÆР ÆНТÆСУЙ!..

*Аллихузон хуæцæнгæрзтæй ефтонггонд, уотемæй цауæйнонтæ багъузтæнцæ, силæ домбай кæми æрбунат кодта, еци рауæнмæ. Еци рæстæг домбай æ бæдæлттæн æхсир дардта. Тæссаг уавæри ке бахаудтæй, уой уайтæккидæр балæдæрдтæй, е 'смотæнтæбæл ци æнахур тæф исæмбалдæй, уомæй. Фал байрæги æй: цауæйнонтæ æ бадæн рауæнбæл фæйнердигæй æртумугъ æнцæ.*

*Домбай гæрзефтонг адæми ку рауидта, уæд ракуддæртæ 'й. Раледзуни равгæ ин куд нæ адтайдæ, фал уæхæн гъуди æнгæрон дæр не 'руагъта: гæрр, е 'нæбон бæдæлтти æвæгæсæгæй куд ниууагътайдæ!.. Æма æхецæн федарæй искарста: цийфæндийæй дæр сæ фæййервæзун кæнун гъæуй!.. Æ сæр гæзæмæ фæддæлæмæ кодта, цæмæй хуæцæнгæрзтæ ма уидтайдæ, уой туххæй, уæдта размæ æверхъау сæррæтæй рампурста. Адæм еци уодаистæй фæлледзæги 'нцæ…*

*Æнæбон бæдæлттæ фæййервазтæнцæ, мадта æндæр куд адтайдæ…*

Нæ республики евгъуд къуæрей ци ахсгиаг цаутæ æма хабæрттæ 'рцудæй, уонæбæл нæ цубур рафæлгæст хумæтæги нæ райдæдтан аци таурæхъæй. Сирдти 'хсæн дæр æма еугур адæмтæмæ дæр æмхузонæй хъæбæр федар æй фæткæ.

2



Павел ЗАРОН конд хузæ «Хъазбег æма Терк»

***Рæстæгутæ еци догъонæй уайунцæ, догæ доги æййевуй, фæд-фæди рагъомбæл унцæ фæлтæртæ… Уомæ гæсгæ ба адæмæн сæ цардарæзти берæ цидæр æййивддзийнæдтæ кæд æрцæуй, уæддæр си берæ цидæртæ ба æносонæй изайунцæ. Фиццагидæр – алли адæмæн дæр æ уодварни хæзнатæ. Мах адæмæн бантæстæй рæстæгути ехзæйти адзалти дæр æнæгъигæдардæй багъæуай кæнун, абони сæрустур кæмæй ан, еци фарнæ. Æма махæн, абони цæрæг фæлтæртæн, нæ агъазиаудæр ихæс æй уонæн сæ федауцæ багъæуай кæнун. Цæмæй зундамонæг æма нифсдæттæг фæрæзнæ уонцæ нæ исонибони фæлтæртæн дæр. Уой фæдбæл æй, нæ газети абони 6-7 фæрстæбæл ци æрмæг мухур кæнæн, е дæр.***

### АХСГИАГ ЦАУТÆ



## АХУРИ НÆУÆГ АНЗ – НÆУÆГ БÆСТИХАЙЙИ

Ахури нæуæг анз Цæгат – Кавказаг суворовон училищей ахурдзаутæ райдæдтонцæ, нæуæг бæстихаййи син ци нæуæг комплекс исаразтонцæ, уоми. Ци æхсæз æма инсæй объекти си ес, етæ нуриккон домæнтæмæ гæсгæ æфсæддон ахурæн цидæриддæр гъæуй, уомæй ефтонггонд æнцæ.

Училищей нæуæг бæстихай цитгин уавæри игонгонд æрцудæй зонундзийнæдти Бони. Уоми Уæрæсей гъæуайкæнуйнади министри хуæдæййевæг Николай Панков загъта:

– Æруагæс ми кæнуй, ами ахур кæнгæй ци гъæздуг æфсæддон зонундзийнæдтæ райсдзинайтæ, етæ ке уодзæнæнцæ нæ бæсти фæрнугадæн. Ахур кæнетæ уæлахез унбæл æма уæ равзурст надбæл макæд фæккеуетæ.

Нæ республики Сæргълæууæг Битарти Вячеслав æ радзубандий уотæ баханхæ кодта:

– Аци училище сæдæ анзей размæ ку равзурдæй, уæдæй абони уæнгæ æ гъомбæлкæнуйнæгтæ кадæ æма намуси хæццæ хастонцæ æ рауагъдони ном. Устур Фидибæстон тугъди суворовонтæ-афицертæ устур æскъуæлхтдзийнæдтæ равдистонцæ Фидибæсти сæрбæлтау. Нур ци нæуæг уавæртæмæ бахизтайтæ, етæ ба уин никки хуæздæр æфсæддон цæттæдзийнади бундор æнцæ.

## ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

**2021 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 441 СОМИ 66 КЪАПЕККИ.
(ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 383 СОМИ 34 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.**

*Еу зундгин лæги бафарстонцæ: «Кæмæй истай зунд?..» Е син дзуапп равардта: «Хъæрæутæй!.. Хъæрæу æ къах не 'рæвæрдзæнæй, рагацау æ лæдзæг ке нæ исбæрæг кæна, уæхæн рауæн...» Мадта уæд еци зунд сæхецæн бафæнзунмæ цæмæннæ райсунцæ нæ бæрзондбадæг унаффæгæнгутæ? Уæд сæ унаффитæн сæ фулдæр фæсмойнаг бæргæ нæ уиуонцæ...*



# ЦАРДИ ФÆРÆЗНÆН ÆМГУСТИ ФУЛДÆР ÆНТÆСУЙ!..





Евгъуд сабати Дзæуæгигъæуи байгон æй лицей «Диалог» - нæ республики тæккæ устурдæр ахургæнæндонæ, ахур си кæндзæнæнцæ 1100 ахурдзауи.

Цæуæт кæмæн ес, етæ уони цард багъæуай кæнуни сæрбæлтау цæттæ 'нцæ алцидæр исаразунмæ, сауæнгæ сæ цард иснивонд кæнунмæ дæр. Æ кæстæр бастъалдæй, зæгъгæ, уомæй фуддæр фудбæлах адæймагбæл, æвæдзи, не 'рцæудзæнæй… Е цæйбæрцæбæл уæззау æй зæрдæн дæр æма уодæн дæр, уой ба бавзурстан Беслæни фудракæндæй… Æхсæрдæс анзи райевгъудæй, тогмондаг террористтæ Беслæни фиццаг скъола ку байахæстонцæ, еци бон 2004 анзи фиццаг сентябри уордæмæ ахури нæуæг анзи райдайæни фæдбæл ци сабийтæ æма хестæртæ æрæмбурд æнцæ, уони уодхарæй ку мардтонцæ, уобæл, фал нæ дзилли зæрдити рист нæ нидæндæр кæнуй, еци хъонцгæнгæй имисæн, еци фудбæлахи æвудæй ка бастъалдæй уони рохс нæмттæ…

Евгъуд къуæрей сентябри фиццаг бæнтти Иристон, æ содзагæ цæстисугтæ калгæй, имиста бабæй, 2004 анзи 1-3 сентябри Беслæни террористон акти ка бацарæфтуд æй, еци æнагъон скъоладзаути, ахургæнгути, ниййергути, уæдта ервæзун сæ ка кодта, еци бæгъатæр æфсæддонти рохс нæмттæ.

Æртæ боней дæргъи арæзт æрцудæй аллихузон номерæн мадзæлттæ. Æртиккаг сентябри ба Беслæни фиццаг астæуккаг скъолай тургъæмæ æмбурд кодта уæлдай берæ адæм. Етæ цудæнцæ æма цудæнцæ, се 'хсæн республики хецаудзийнадæ æнхæстгæнæг оргæнти разамонгутæ, районти администрацити хецæуттæ, æхсæнадон æма политикон организацити минæвæрттæ, иуазгутæ. Нæ гъос кæнунцæ музыки æнкъард зæлтæ. Игъусуй зæрди тæгтæ ка 'змæлун кæнуй, уæхæн æмдзæвгæ.

13 сахатти æма 5 минуттебæл (æхсæрдæс анзей размæ еци рæстæг скъолай спортивон залæй райгъустæй фиццаг исрæмугъд) дзæнгæрæг дууæ цæфи никкодта æма, Беслæни фиццаг скъолай террористон акти ка бацарæфтуд æй, уони рохс нæмттæ æримисуни саударæн минут райдæдта. Сæ алке номбæл дæр скъоладзаутæ арвмæ исуагътонцæ уорс шартæ.

Уой фæсте æртиккаг саударæн бони скъолай тургъи ка æрæмбурд æй, еци сæдæгай адæм фестæгæй цудæнцæ, теракти амæттæгтæй, сæ фæстаг бунат кæми иссирдтонцæ, «Город ангелов», зæгъгæ, еци мемориалон комплексмæ. Еци рауæн метрономи æнкъард зæлтæмæ номæй-номмæ ранимадтонцæ, теракти ка бацарæфтуд æй æма, уони ервæзун кæнгæй, бæгъатæрæй ка фæммард æй, уони нæмттæ – æдеугурæй 334 адæймаги: скъоладзаутæ, ахургæнгутæ, ниййергутæ, сæрмагонд оргæнти службæгæнгутæ æма Æнæнгъæлæги цаути министради косгутæ. Уой фæсте скъоладзаутæ нæуæгæй бабæй арвмæ исуагътонцæ 334 уорс шари.

Æхсæрдæс анзей размæ Беслæни ци террористон фудракæндæ арæзт æрцудæй, уоми ка бастъалдæй уони рохс нæмттæ æримисуни мадзæлттæ сентябри фиццаг бæнтти арæзт æрцудæй Мæскуй дæр æма нæ бæсти æндæр рауæнти дæр. Уой зондзинайтæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнити игъосункæнуйнæгтæй. Фал ма сæ мах дæр уомæ гæсгæ æримистан, æма Беслæни ци æверхъаудзийнадæ арæзт æрцудæй, уой фæдбæл айдагъ номерæн мадзæлттæ арæзнæй гъуддаг гъæуама ма хецæн кæна. Гъуддаг ба уой хонæн, æма гъæуама хинцфарстдæрæй æркæсæн нæхемæ, куд цæрæн æма нин нæ цардиуаги ци 'й сæйрагдæр, нæ исонибон куд æма ци уодзæнæй, уобæл цанæбæрæг тухсæн.

Райдæдта ахури нæуæг анз. Куд нæ Фидибæсти еугур рауæнти дæр, уотæ Цæгат Иристони дæр е райдайидæ 1 сентябри, исуидæ дессаги райдзаст бæрæгбон… Фал 2004 анзи тæккæ фиццаг бæнтти ци фудракæндæ арæзт æрцудæй, уомæ гæсгæ ба уæдæй фæстæмæ 1 сентябрь Иристони бæрæгбонбæл нимад нæбал цæуй, ахури анз нæмæ райдайуй 4 сентябри.

Цубурæй ма зæгъдзинан уой, æма аци анз нæ республики скъолати ахур кæндзæнæнцæ дæс æма цуппаринсæй мин ахурдзауи, уонæй фараст мини æма авдсæдæ æнцæ фиццагкъласонтæ. Аци анз уæззау хуæцгæ нез ке фæззиндтæй, уомæ гæсгæ еци коронавирусæй сувæллæнтти багъæуай кæнуни фарстатæ ба æнхæстгонд цæудзæнæнцæ еугур домæнтæмæ гæсгæ.

Алли скъолай дæр лæмбунæг цæстæдард цæудзæнæй пандемий уавæрмæ. Алли бон урокти размæ алли ахурдзауæн дæр дохтир бардзæнæй æ тæвдæ. Зæрдæдзоргæ ка разинна, уомæн æвæстеуатæй кæндзæнæнцæ медицинон агъаз. Ахури нæуæг анзи фæдбæл нæ дзубандий кæронбæттæни ба ма уой зæгъуйнаг ан, æма ахурадон косæндæнтти нæ кæстæрти æдасдзийнадæн уоййасæбæл берæ гъæугæ мадзæлттæ арæзт ке цæуй, е хуарз æй.

Никки хуарз ба е уидæ, æма царди еугур гъуддæгути дæр хестæрти 'рдигæй фулдæр арæзт ку цæуиуонцæ нæ кæстæрти рæстзундæй гъомбæл кæнуни фæдбæл æнæмæнгæ гъæугæ гъуддæгутæ. Цæмæй нæ сабийтæ царди æма ахури бæрзæндтæмæ хонæг рæсугъд æма амондгун нæдтæбæл цæуонцæ нифсгун æма разæнгардæй, цæмæй син бантæса, ци рæсугъд фæндитæ ес се 'ригон зæрдити, етæ, цæмæй си уæн боз æма сæрустур.

## КУСТИ ФАРНÆ КУ УА, УÆД Е УОДÆНЦОЙНÆ 'Й!..

Нæ абони дзубанди еугæр нæ кæстæрти туххæй æй, уæд уотæ дæр ма зæгъун æнгъезуй, æма абони нæ республики ци берæ æхцæуæн æййивддзийнæдтæ цæуй, уони нисанеуæг, махмæ гæсгæ, бæлвурд æй.

Кæд æма нæ исонибон нæ кæстæртæ 'нцæ, уæд гъæуама абони байархайæн, цæмæй син еци исонибони зæрдæргъæвдæй архайунæн æма сæ карнæ сæхе лæгигъæдти фæрци аразунæн равгитæ уа, уобæл. Æма, ку зæгъæн, уой туххæй абони берæ арæзт цæуй.

Нæ республики Хецауадæн æ Сæрдар **Тускъати Таймораци** разамундæй æрæги ци æмбурд адтæй, уоми берæ аллихузон дæнцитæ хаст æрцудæй уой фæдбæл. Дзубанди ба си цудæй 2020 анзи фиццаг æмбеси Республикæ Цæгат Иристон-Аланий социалон-экономикон ирæзти бæрæггæнæнти туххæй. Анзи фиццаг æмбеси бæрæггæнæнтæ куд æвдесунцæ, утемæй социалон-экономикон райрæзтбæл дзорæг сæйрагдæр нимæдзитæ хуæздæрæрдæмæ æййевунцæ. Æма уомæн æрхаста бæлвурд дæнцæгтæ. Утæ, экономикон архайди еугур къабæзти дæр промышленнон кустади индекс анзи фиццаг æмбеси рауадæй 125,2 проценти. Фæлхасгæнгутæн æрвист промышленнон продукций бæрцæбæл, 2019 анзи еци æмгъуди хæццæ рабаргæй, бафтудæй 25 процентæй фулдæр (еци продукций аргъ рауадæй 15 миллиард сомемæй фулдæр). Гъæууонхæдзарадон продукций рауагъдадæбæл дзуаппон æмгъуди, 2019 анзи хæццæ рабаргæй, бафтудæй 12,7 проценти (æхцайæй нимайгæй, 4,9 миллиард соми аргъ). Евгъуд анзи еци æмгъуди хæццæ рабаргæй, цæрæнуæтти арæзтадæ фæффулдæр æй 6,8 проценти бæрцæ (эксплуатацимæ лæвæрд æрцудæй 134,1 мин квадратон метри цæрæнуæттæ).

Аци анзи фиццаг æмбеси республики консолидацигонд бюджети æфтуйæгтæ рауадæнцæ 18 959,1 миллион соми (евгъуд анзи еци æмгъуди хæццæ рабаргæй, 25,5 проценти фулдæр). Уой хæццæ ма, 2020 анзи 1 июлмæ республики паддзахадон ихæс адтæй 9 167 миллион сомей бæрцæ (фари хæццæ рабаргæй, 2,6 проценти минкъийдæр).

Æмбурди куд хатдзæггонд æрцудæй, утемæй еуæй-еу бæрæггæнæнтæй зæрдæ нæ барохс æй. Зæгъæн, официалон æгъдауæй регистрацигонд æгуст адæми нимæдзæ исирæзтæй 2,2 хатти æма исхъæрдтæй 15,4 минмæ (2019 анзи фиццаг æмбеси адтæнцæ 7 мин адæймагей бæрцæ). Демографий фарстатæбæл дзоргæй ба, министр куд фæннисан кодта, утемæй дзуаппон æмгъуди ка рамардæй, уони нимæдзæ 4,4 проценти фулдæр æй, ка райгурдæй, уони бæрцæй.

Аци анзи фиццаг æмбеси идарддæр сæрмагонд æргом æздæхт цудæй социалон къабази уавæрмæ.

Республики социалон-экономикон райрæзт æма паддзахадон агъази мадзæлттæ гъомусгиндæр кæнуни фæдбæл сæ гъудитæ загътонцæ æма фæндæнттæ бахастонцæ министрæдтæ æма ведомствити разамонгутæ.

Хецауади иуонгтæ сæрмагонд æргом раздахтонцæ, пандемий уавæрти архайгæй, зæнхæ æма æндæр есбойнади арендатортæн еуæй-еу паддзахадон зæрдæдарæнтæ иснисан кæнуни фарстамæ. Бæрзонд цæттæдзийнади фæтки уагæвæрдмæ гæсгæ, 2020 анзи 18 мартъий 2020 анзи 1 октябри уæнгæ уонæн ес рæстæгмæ сæ арендон феддонтæ æруорамуни фадуат.

Сæдæ анзей размæ (1920 анзи 10 сентябри) Æрæдони арæзт æрцудæй Цæгат Иристони фæсевæди Коммунистон Цæдеси 1-аг съезд.

# ХУÆРЗÆГЪДАУБÆЛ ДЗОРÆГ ФИЦЦАГИДÆР ÆХУÆДÆГ ÆГЪДАУГИН УА!..

ЗУНДГОНД куд æй, уотемæй гъæлæс кæнуни Еугуруæрæсеуон бон – 13 сентябри æвзурст цæудзæнæнцæ нæ республики цалдæр гъæуи бунæттон хеунаффæйади разамонгутæ æма минæвæртти Æмбурдти иуонгтæ.

Еци ахсгиаг æхсæнадон-политикон мадзалмæ цæттæгæнæн куститæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уомæн рагацауи хатдзæгтæ кæнгæй Цæгат Иристони Центрон æвзарæн къамиси сæрдар **Моргуати Жаннæ** куд зæгъуй, уотемæй, 13 сентябри æвзурстити ка архайдзæнæй, еци кандидаттæ зæрдæ байвардтонцæ, агитацион кампани сабур уагæбæл ке араздзæнæнцæ æма сæ политикон нихмæлæугутæн аргъ ке кæндзæнæнцæ, уомæй.

«Махæй алкæци кандидатæн дæр ес æхе программæ æма нисантæ, æма уонæмæ гæсгæ араздзинан нæ куст, уæхæн хузи, цæмæй нæбæл адæм бауæндонцæ. Нæхемæ ихæс есæн, æвзарæн кампаний рæстæг æргомæй, æма закъони уагæвæрдтитæбæл æнцойнæ кæнгæй, ке архайдзинан, уой фæдбæл», – загъд ес, кандидаттæ ци еумæйаг седт бафинстонцæ, уоми.

Кæронбæттæни ба ма уин еума хатт уæ зæрдæбæл æрлæууун кæндзинан уой, æма гъæлæс кæнуни Еугуруæрæсеуон бон – 13 сентябри æвзурститæ цæудзæнæнцæ цуппар гъæууон цæрæн бунати – Алагири районi – Мизур æма Майрæмадаги, Ирæфи районi – Будури Дæргъæвси æма Горæтгæрон районi – Æрхонки.






# НÆХЪÆРТОНДЗИЙНÆДТÆ ЕС – РАЙЕУВАРС СÆ КÆНÆ ÆВÆСТЕУАТÆЙ!..

ЕУГУРУÆРÆСЕУОН адæмон фронти цæгатиристойнаг активисттæ æма журналисттæ Ирæфи æма Æрæдони районти центрон сæйгæдæнтти разамонгути хæццæ æрæги исбæрæг кодтонцæ фельдшерон-акушерон косæндæнттæ æма амбулаторити кусти уавæртæ.

Æртæ мæйей размæ Красногори байгон æй амбулатори. Фиццаг агъаз бакæнунæн ци медицинон дзаумæуттæ гъæуй, етæ си еугурæй дæр æнцæ. Цалцæг дæр æй хуарз искодтонцæ, фал си аййеппитæ дæр ес: интернет си нæ косуй, амбулаторий алфамбулай фæзуат горенæй нæ исæхгæдтонцæ, æма имæ гъæуи цæргути æвæгæсæг хæдзарон фонс цæунцæ.

– Ци рæсугъд къотæртæ æма деденгутæ си нийиаразтан, уони еци фонс цалдæр бонемæ бахуардтонцæ, – гъаст кæнунцæ амбулаторий косгутæ.

Ирæфи районi Советон поселокки фельдшерон-акушерон косæндонæ нерæнгæ ма æрдæгарæзт æй, цæунцæ си аллихузи цалцæггæнæн куститæ. Æ алфалæмбулай фæзуат дæр, куд зæгъунцæ, уотемæй гъæуама аййевгонд æрцæуа, зæгъæн, аци медицинон косæндонæмæ бацæуæнтæ гъæугæ хузи арæзт æрцæуонцæ.

– Цæмæдæр гæсгæ райдайæни аразгутæн над исцалцæг кæнуни куст нæ баихæс кодтонцæ, æма райони разамундæн бафæдзахстан, цæмæй аци фарстамæ се 'ргом раздахонцæ æма фельдшерон-акушерон косæндонæмæ æнцонæй бацæуæнтæ арæзт æрцæуонцæ, – загъта Адæмон фронти цæгатиристойнаг æнхæсткоми разамонæг Гæлити Клим.

Адæмон фронти эксперттæ ма бабæрæг кодтонцæ, дууæ анзей размæ Толдзгуни ци фельдшерон-акушерон косæндонæ арæзт æрцудæй, уой дæр. Куд рабæрæг æй, уотемæй е медицинон косæндзаумæуттæ æма хуастæй æнхæстæй ефтонггонд нæй.

– Адæмæн сæ цæрæн рауæнти медицинон агъазæй æнхæстæй æма афойнадæбæл испайда кæнуни фадуат ес æви нæ, уой рæстæгæй-рæстæгмæ исбæрæг кæнæн, – зæгъуй Гæлити Клим. – Амæй размæ Горæтгæрон æма Рахесфарси районти дзæбæхгæнæндæнттæ бабæрæг кодтан æма си ци гъæндзийнæдтæ разиндтæй, уони туххæй игъосункæнуйнæгтæ балæвардтан æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади Министрадæмæ. Нерæнгæ аййеппитæн сæ еу хай еуварсгонд æрцудæй. Нури инспекцион балци æрмæгутæ дæр профилон министрадæ æма районти администрацитæмæ барвистан. Æруагæс ни кæнуй, хецауеуæггæнæг адæймæгутæ нин æвæстеуатæй дзуапп ке ратдзæнæнцæ, е.

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



*Хуæрзконд уосæ, дан, гъæунги куд цудæй, уотемæй æ фæдбæл еу бафтудæй æма 'й цох нæбал уагъта. Силгоймаг цæхгæрмæ гъæунгмæ ку бахъæрдтæй, уæд уоми фæззилдæй. Лæг дæр – æ фæсте. Уæд силгоймаг æ цуд фæссабурдæр кодта æма лæги бафарста:*

*– Мæ фæдбæл ци бафтудтæ? Ци дæ гъæуй?*

*– Уарзгæ дæ кæнун…*

*– Дзæгъæли мæ бауарзтай. Мæ фæсте мæ хуæрæ æрбацæуй. Е мæнæй фондзинсæй хатти рæсугъддæр æй. Уой ку бауарзай, уæд дин хуæздæр уодзæнæй.*

*Нæлгоймаг сахълæуд фæккодта æма фæстæмæ раздахтæй. Хъæбæр фудконд силгоймаги ку рауидта, уæд исмæстгун æй æма фиццаги фæдбæл нийиарцæ 'й. Баййафта æй æма 'й фæрсуй:*

*– Цæмæн мæ расайдтай?*

*– Æма мæ ду цæмæн расайдтай? Æцæгæй мæ ку бауарзтайсæ, уæд æндæр силгоймагмæ нæ раздахтайсæ, мæнæй сæдæ хатти рæсугъддæр ку адтайдæ, уæддæр, – дзуапп ин равардта силгоймаг æма æ над раидарддæр кодта…*

*Аци искæсæйнаг таурæхъ уомæ гæсгæ æримистан, æма нæмæ берæ уæхæн лæгтæ ес, кæцитæ ести хецаугонд кенæ бонгин адæймаги фæдбæл нийиелæг унцæ, табедзитæ ин кæнунæй сæхебæл нæ ауæрдунцæ… Фал син еске æндæрей туххæй ку иской кæнуй, уой равгитæ агъазиаудæр æнцæ, зæгъгæ, уæд уой æрдæмæ фæуунцæ… Æма сæбæл уомæй сайд ку 'рцæуй, уæд ма бæргæ фæффæсмон кæнунцæ, фал… Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Адæймаг зæрдæ æма зундæ æй!..»*



**Сергей МИРОНОВ, *парти «Рæстаг Уæрæсе»-й раздзæуæг*: «Уæрæсей Пенсион фонди кусти Нимайæн палатæ ци гъæндзийнæдтæ раргом кодта, етæ азари æфтаунцæ. Æнæмæнгæ гъæуй еци организаций кегъæредзийнадæй исуæгъдæ ун…»**

– Цал хатти рагъæр æнцæ Пенсион фонди берæ азари æфтауæг миутæ. Æма? Æ разамундæй ин кедæрти феййевунцæ, дзуапп си некæмæй байагорунцæ, уотемæй. Фудракæндтитæ ба си, уæхуæдтæ 'й уинетæ, куд цудæнцæ, уотæ цæунцæ нерæнгæ дæр… Уомæ гæсгæ ба, гъуддаг ескæмæй исуæгъдæ унмæ ку æрхъæрта, уæд, æвæдзи, Пенсион фонд нæ, фал Нимайæн палатæбæл уодзæнæй цæф.



**Иосиф РАЙХЕЛЬГАУЗ, *театр «Нуриккон пьеси скъола»-й аййевадон разамонæг***, – провинциалон театри директорти туххæй, кæцити еци бунæтти æвæрунцæ губернатортæ сæхе фæндонæй: **«Еу халсарти базæн разамунд лæвардта. Иннæ ба ахæстдони сæргъи адтæй…»**

– Æма уоми дессагæй ци ес? Нæ абони цард æцæг спектакль ку æй. Æ «сценæбæл» гъазгутæ ба ка 'нцæ? Мулкити фулдæр еугурадæмон хуардони сæргъи æма унаффæгæнæг син ка 'й, етæ. Кадæртæ си бадунцæ, кæми син бадгæй уоми, гъома, ахæстдони. Иннети дæр сæ фæдбæл барветдзæнæнцæ? Магъа-магъа… Цидæр æй, уæддæр ма абони сценæбæл æнцæ. Мах ба, хумæтæг дзиллæ театрдзаути хузæн сæмæ кæсæн æма гъенцъун кæнæн се 'наккаг миутæмæ гæсгæ…



**Лев ЛЕЩЕНКО, *зундгонд зартæгæнæг*: «Абони еугурей дæр уотæ фæндуй, цæмæй сæмæ алцидæр уа, уотемæй ба уой туххæй архайунæй сæхецæн уоййасæбæл нæ зин кæнгæй. Фал уотæ нæ фæууй!..»**

– Æгæр дæр ма фæууй!.. Зæгъæн, Левæ, уобæл некæд расагъæс кодтай, æма дин Цæгат Иристони адæмон артисти ном кæддæр цæй туххæй равардтонцæ? Уанæбæрæг цæмæй фескъуæлхтæ нæ республики аййевади æма дин уайтæккæ февардтонцæ, нæхе артисттæй беретæ æцæгæйдæр ке аккаг æнцæ, фал син цæмæдæр æвгъау кæнунцæ, еци цитгин ном?.. Е ба дин «уотæ нæ фæууй…»

## АДÆМИ ЦÆСТИНГАС – УИНАГÆДÆР!..

# ЦÆЙБÆРЦÆБÆЛ УИН НИЛЛÆУДТÆЙ УÆ СУВÆЛЛОНИ СКЪОЛАМÆ ИСРÆВДЗÆ КÆНУН?



- пъартфел – **3-5 мин соми;**
- канцтовартæ:

– фломастерти æмбурд (18-12 хузи) – **150-350 соми;**

– хузгун къариндæсти æмбурд (24 хузи) – **250-500 соми;**

– хумæтæг тетрад – **16 сомемæй 100 сомей** уæнгæ, цал тъаффи си уа, уомæ гæсгæ;

– косæн тетрад – **350-400 соми** еуей аргъ, æдеугурæй гъæугæ ба кæнуй 5-6;

– пластилин – **100-200 соми,** цал хузи си уа, уомæ гæсгæ;

– тумбулæги хæццæ хуæдфинсæн (шариковая ручка) – **10-12 соми**, анатомион астæуи хæццæ – 50 соми;

– хузгун гæгъæди – **150-200 соми 20 тъаффемæн**.

- Уæледарæс (къахидарæс, спортивон æма скъоламæ цæуæн фæлуст) – **20 мин соми**.

Ахурдзау сувæллони скъоламæ цæунæн ци гъæуй, уонæй æй исрæвдзæ кæнунбæл нийиергути ци æхца исхарз кæнун гъæуй, уой бæрцæ алли регионти фæйнæ хузи æй. Зæгъæн, махмæ, Цæгат Иристони е æй, мæнæ уæлдæр ци æргътæ бавдистан, уой бæрцæ. Мæскуй ба еумæйагæй æй **25 мин сомемæ** хæстæг, Хъазани – **25 мин соми,** Ульяновски æма Саратови – **17,6 мин соми**, Дæллаг Тагили – **13,7 мин соми**…

Цидæр æй, уæддæр сувæллони зæрдæрохсæй æ ахури надбæл рафæндараст кæнун алцæмæй дæр сæйрагдæр æй, æма нийиергутæ се 'новуддзийнади нецæбæл байауæрддзæнæнцæ. Æма нæ кæстæртæ дæр сæ ахури гъуддæгути æновуд уæнтæ, сæ нийиергути уодæнцойнæ æма цийнæн архайæнтæ æнтæстгин унбæл!..

Рæствæндаг уæнтæ!..

**Сæдæ анзей размæ (1920 анзи 10 сентябри) Дзæуæгигъæуи байгон æй Аййевадон студи. Абони сувæллæнтти аййевадон скъола, хæссуй Цæгат Иристони адæми хузæгæнæг Тауасити Сослæнбеги ном.**

*Хуцау адæймаги сикъитæй исфæлдиста, фал ма имæ си еу къæрт байзадæй. «Ци ма дин исаразон амæй ба?» – фæрсуй æй Хуцау. «Амонд!..» – загъта адæймаг. Хуцау неци исдзурдта, уотемæй ин æ арми еци къæрт æрæвардта, гъома, дæ амонд ба дæхуæдæг аразæ...*



ГÆТÆГТИ Сослæнбег

Секери гъæубæстæ сæ бæрæгбæнтти зæрдæрохсæй исцитгин кæнунцæ сæ æскъуæлхт æмгъæуккæгти.

***Секери дзиллæ æма сæмæ алли рауæнтæй ци берæ иуазгутæ æрцудæй, етæ дæр хъæбæр зæрдæхцæуæнæй бæрæг кодтонцæ гъæуи равзурди бæрæгбон. Аллихузон мадзæлттæй хъæбæр исфедудта бæрæгбон. Адтæй си агъазиау концерт. Еуафони сценæмæ, нæ национ уæледарæс сæбæл, уотемæй рацудæй лæгти къуар. Æма уæлдæфи идæрдтæбæл ниййазæлдæй:***

***Сæгути над Уазай хонхмæ***
***Къахирмæ ’рцудæй.***
***Гæтæгти Сослæнбег Секери гъæуæй***
***Æфсæддон скъоламæ***
***Ахурмæ фæццудæй.***

***Гæтæгти къæсæр уарзон адæмæн***
***Хе хæдзарæ иссæй***
***Бекири уарзон фурт***
***Сæрæн Сослæнбег, дохтир уогæй,***
***Инæлар иссæй...***

***Зартæгæнгутæ зард ку фæцæнцæ, уæд адæм уоййасæбæл тухгин къохæрдзæф исаразтонцæ æма, æвæдзи, Уазай алфамбулайтæмæ дæр игъустайдæ æ нæрун. Бæрæгбони ка адтæй, уонæй беретæ куд нæ зудтайуонцæ, Гæтæгти Бекири фурт Сослæнбег ка адтæй æма уанæбæрæг цæмæй фескъуæлхтæй, уой хабæрттæ. Æма ’й ка нæ зудта, уонæн дæр ракодтонцæ еци хабæрттæ.***

***Мах дæр бабæй абони нæ газети фæрстæбæл имисæн æ рохс ном. Уомæн нин бæлвурд равгæ дæр ес – цалдæр боней размæ, 1 сентябри Гæтæгти Сослæнбеги райгурдбæл исæнхæст æй дæс æма цуппаринсæй анзи (1930-1982). Æ ном ма ин уомæ гæсгæ дæр имисæн, æма рæстæг цæуй, рантæсунцæ нæуæг фæлтæртæ, æма кæстæртæн ба ку нæ дзорæн нæ евгъуд рæстæгути зæрдæбæлдаруйнаг цаутæ æма хабæрттæ, нæ адæмæн кадæгæнæг ка адтæй, еци адæймæгути туххæй, уæд уомæй хъæбæр устур зæрандзийнадæ хæссæн нæ кæстæрти уодигъæдæн. Æма еци рæдуд гъæуама ма ’руадзæн. Уомæ гæсгæ имисæн абони Гæтæгти Сослæнбеги рохс ном дæр.***

# «БОЗ ДИ АН, ИНÆЛАР!..»



**АМИЛАХУАНТИ Хизир,**
**журналист**

***ГÆТÆГТИ Сослæнбеги туххæй ци берæ æрмæгутæ финст æрцудæй æ рæстæги æма си æхуæдæг ке фæууидта, уонæй еуей мухур кæнæн – зундгонд журналист АМИЛАХУАНТИ Хизири (рохсаг уæд, е дæр абони не ’хсæн нæбал æй) финст очерк, кæци мухури фæрæзнити фæззиндтæй 1980 анзи. Мухур æй кæнæн, уæд куд финст æрцудæй уотемæй, неци си раййевгæй.***

ХÆДЗАРИ астæу рагон финги алливарс бадунцæ синхи лæгтæ. Бекир, æ фурт Сослæнбег æфсадмæ ке цæуй, уой туххæй сæ æрбахудта. Лæгтæ сæ еугурдæр дзурдарæхст, царди фæлтæрддзийнадæй хайгин. Биццеуæн фæдзахстонцæ, цæмæй бæрзонд хæсса бийнонти, муггаги, гъæубæсти кадæ, уа рæстзæрдæ, зиндзийнæдтæн – фæразон, æхсæнади гъуддæгутæбæл – æновуд.

Бекир синхбæсти хестæр адтæй, фал нæ фидтæлти æгъдаумæ гæсгæ æхе хъæбæр ездон дардта æ кæстæрти рази. Æ бæркадгун фингæ синхæгти бæрагæ бакодта.

– Дæхуæдæг дæр ести зæгъæ, Бекир, – ниллæудтæй имæ Гогати Егка.

Бекир æ синхæгтæн райарфæ кодта, уæдта æ фуртæн ба загъта:

– Уарзон адæм дин зæрдибунæй фæндараст зæгъунцæ æма син сæ дзурдтæ дæ зæрдæбæл бадарæ! Æфсæддон академи хумæтæги службæ нæ ’й. Райгурæн бæстæ дæмæ арфиаг гъуддæгутæ аразунмæ æнгъæл ке кæсуй, е ди макæд феронх уæд!..

Уоййасæбæл бунтон æригон дæр нæбал адтæй Сослæнбег. Уæдмæ ин царди нæдтæбæл еуцæйбæрцæдæр рацæугæ рауадæй. Нæхе, Цæгат Иристони медицинон институт каст фæууогæй, цалдæр анзи бакуста дохтирæй. Арæхстгин специалистæй æхе равдиста. Æма æфсæддон академимæ дæр уой туххæй æрвист æрцудæй.

– Арфæ уин кæнун уæ дзæбæх, зæрдтагон арфити туххæй – нифсдæттæг мин уодзæнæнцæ. Уæ фæдзæхсьтитæ дæр мин æхцæуæн æнцæ, æма, мæ бон ци уа, уомæй архайдзæнæн æнæмæнгæ сæ исæнхæст кæнунбæл, – зæрдитæ байвардта Сослæнбег хестæртæн.

Дуккаг бон Гæтæгти бийнонтæ, сæ хæстæгутæ æма синхæгтæ рацудæнцæ Сослæнбеги æ идард балций рафæндараст кæнунмæ.

Бадуй еунæгæй Бекир. Арф гъудити ранигъулдæй. Гæтæгти бийнонтæ Дигоргомæй раги ралигъдæнцæ Секермæ. Ами рарвиста е ’ригон бонтæ. Октябри революци ку ралæудтæй, уæд Гæтæгти æнсувæртæ æрлæудтæнцæ нæуæг цардаразгути æмрæнгъæ. Бекир берæ æнзти фæккуста курдбадзи, хуарз арæхстæй еци дæсниадæмæ. Еумæйаг хæдзарадæмæ бацудæй еугурей разæй. Адтæй хæларзæрдæ æма фæллойнæуарзагæ. Адæм æй уарзтонцæ.

## АДÆЙМАГИ ХУÆЗДÆР АМОНД – ХУАРЗ ЦÆУÆТ

Уомæн æхе хузæн æ фурттæ лæгигъæдгун разиндтæнцæ. Хъиамæтгун ниййергутæ сæ кæстæрти ахур кодтонцæ фæллойнæ уарзунбæл, æгъдаумæ гæсгæ цæрунбæл, царди алли фæззелæни дæр хуæздæрти рæнгъæ унбæл. Æма, æвæдзи, сæ цæуæтæн уомæ гæсгæ берæ хуарздзийнæдтæ исаразун бафтудæй сæ къохи.

Бекирæн æ хестæр фурт Моратмæ (райгурдæй 1918 анзи Секери) 1937 анзи фæдздзурдтонцæ Сурх Æфсади рæнгъитæмæ. Е ’фсæддон ихæс æнхæст кодта Киеви Æфсæддон зилди. Кæстæр афицертæ цæттæгæнæг скъола фæууни фæсте, нисангонд æрцудæй 6-аг æфсæнвæндагон полкки медæгæ ци 9-аг хецæн зенитонпулеметон взвод адтæй, уой командири агъазгæнæгæй.

Рæхги 'й æ зонундзийнæдтæ æма æфсæддон ацъагъуæ багъудæнцæ бæлвурд гъуддаги – 1940-аг анзи архайдта советон-финнаг тугъди. Е ’фсæддон ихæс кади хæццæ рахецæн кæнгæй, 1941 анзи мартъий æ райгурæн гъæубæстæмæ, æ фидиуæзæгмæ исæздахтæй. Уогæ сæхемæ фагæ фæуунæн, æ царди идарддæри хабæрттæ аразуни туххæй имæ ци фæндитæ адтайдæ, уони æнхæст кæнунбæл архайунæн дæр ин фæдуат æгириддæр нæ фæцæй– райдæдта Устур Фидибæстон тугъд… Нæуæгæй бабæй æфсæддони дарæс, нæуæгæй бабæй тугъди…

Æрвист æрцудæй Дзæуæгигъæуи тугъдон-фестæгцæугæ училищемæ. Æ тугъдон службæ æнхæст кодта 16-аг æхсæг бригади 56-аг армий взводи командир уогæй. Уæдта си æрцудæй нисангонд командирæй, фæстæдæр ба æййивд æрцудæй Саратови снайпертæ цæттæгæнæн скъоламæ. Уоми дæр æнхæст кодта командири ихæстæ. Уоми «басабур» æй 1946 анзи уæнгæ. Уомæн æма æ еци дæсниадæ хъæбæр ахсгиаг адтæй тугъди фæсте дæр.

Фæстугъд сæхемæ исæздæхгæй дæр ин уолæфунæн рæстæг нæ адтæй. Æ дустæ бахатгæй æрлæудтæй фæллойни надбæл. Æ райгурæн гъæуи колхоз æ къæхтæбæл нæуæгæй æрлæуун кæнуни туххæй æвæллайгæй хъиамæт кодта е ’мгъæуккæгти æмрæнгъæ. Фæстæдæр æй байагурдтонцæ Чиколай фиццаг астæуккаг скъоламæ райдайæн тугъдон дæснидзийнадæбæл скъоладзаути ахур кæнунмæ.

Гъе, уоми косгæй базонгæ ’й æригон ахургæнæг Махъоти Азаухани хæццæ. Азаухани хæццæ исгъомбæл кодтонцæ дæнци аккаг дууæ фурти æма дууæ кизги.

Гæтæгти Морат ма фæстæдæр фæккуста Секери гъæууон совети сæрдарæй дæр, колхози сæрдари хуæдæййевæгæй, партион организаций секретарæй. Фал уæддæр уæлдæр ахурадæ райсуни фæн-

дæбæл ба уæддæр нæ исустурзæрдæ 'й. Æма ин бантæстæй – исахур кодта ахургæнæги дæсниадæбæл. Сауæнгæ пенсимæ рацæуни уæнгæ æ цард баст адтæй скъолай хæццæ. Райдайæн тугъдон дæснидзийнадæ æма историй уроктæ ку лæвардта, уæдта скъолай разамонæги бунати ку куста, уæд алкæддæр скъоладзаути патриотон гъомбæладæмæ устур æргом æздахта. Зæгъæн, историй уроки, тугъдон темæбæл дзоргæй, сувæллæнттæн е 'мбæлттæ æма æхе тугъдон хабæртти кой ахид ракæнидæ.

Гæтæгти Морати хъиамæттæ ирæзгæ фæлтæри гъомбæлади гъуддаги паддзахади 'рдигæй æнæргъудийæй нæ байзадæнцæ, æ берæанзон фæллойни туххæй ин лæвæрд æрцудæй «Адæмон ахуради отличник»-и кадгин ном.

Морат абони кæд цардæгас нæбал æй, уæддæр æ ном ба æ уарзон дзиллити 'хсæн цæруй. Гъæубæсти гъуддæгутæ аразуни фæдбæл хабæртти ин æримисунцæ æ ном.

## ХЕСТÆРÆН Æ КÆСТÆРИ ДЗÆБÆХ – УОДИ ХУАСÆ!..

Дуккаг фурт Солтан дæр ниййергути фудæнгъæл нæ фæккодта. Федар къæхдзæфтæй рандæ 'й ахури бæрзæндтæмæ. Зиндзийнæдтæбæл уæлахез кæнун раги базудта. Астæуккаг скъолай фæсте иссæй механизатор. Ами, Секери, рабадтæй тракторбæл. Дууæ анзей дæргъи лæгæрста зæнхи реу, ласта похци, æфснайдта хуар... Уой фæсте бацудæй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл раздæри педагогон институти историон факультетмæ. Царди фæлтæрддзийнадæ ин агъаз кодта æ нисанмæ æндиудæй цæунæн. Нимад адтæй институти искурдиадæгиндæр студенттæй еуебæл. Нуртæккæ Солтан ахургæнæгæй косуй нæхе университети.

Ниййергутæн сæ еугур цæуæт дæр æмхузон уарзон фæуунцæ. Фал Бекир, Ирæфи билгæрон еунæгæй бадгæй, фулдæр Сосланбегбæл гъуди кодта. Æ цæститæбæл рауадæнцæ, биццеу сæмæ æ къох куд тилдта, фæлмæн худт сæмæ куд кодта, е. Ниййерæги зæрдæ, куд дессаг дæ, мадта! Дæу хузæн неке зонуй алци лæдæрун дæр, дæуæй хуæздæр неке зонуй гъенцъун кæнун дæр æма цийнæ кæнун дæр. Ци фæлмæн дæ! Дæуæн маст ка бакæна, уомæн, дан, Хуцау дæр нæ ниххатир кæндзæнæй.

Хор бæрзонд æхе исиста арви реубæл. Бекир æ бунатæй фестадæй æма уæззау ампъезтæй райевгъудæй гъæуи 'рдæмæ. Хæдзарæмæ нæ бацудæй, фал еци фæдбæл бацудæй колхози курдбадзæмæ. Кæд цалдæр анзи пенси есуй, уæддæр си æ уарзон куст нæ феронх æй, курдбадзи дуар нæ рахгæдта. «Еу бон дзæбоки зæлланг нæ фегъустон, зæгъæ, уæд мæ гъостæ къуру фæуунцæ», – ахид дзоргæ е 'мгъæуккæгтæн...

Нур æ ном зундгонд иссæй Иристони еугур цæргутæн дæр. Нæ адæми кадгин хъæболти æмрæнгъæ бабæй фæззиндтæй никкидæр ма еу ном – Советон Æфсади медицинон службæ инæлар – майор Гæтæгти Бекири фурт Сосланбег.

Фондз æма инсæй анзей фæсте синхæгтæ нæуæгæй æрæмбурд æнцæ, нæ дзубанди кæмæй райдæдтан, еци хæдзари, цæмæй аци хатт ба бацийнæ кæнонцæ, кæддæр æ карни нæдтæхбæл ци лæхъуæни рафæндараст кодтонцæ, уой устур æскъуæлхтдзийнæдтæбæл. Гъулæггагæн, Бекир уæдмæ цардæгас нæбал адтæй, нæ ин бантæстæй, æ фуртæн инæлари ном лæвæрд ку 'рцудæй, уæдмæ фæццæрун. Фал зæронд мадæ Мæдинæт уæддæр æ кæстæрти хæццæ исархстæй иуазгутæ, гъæубæсти нимад лæгти исбоц кæнунмæ – рагон ифингæ, куд фæззæгъунцæ, дæлæмæ састæй аллихузон хуæрдæй, аллихузон ниуæзтæй.

– Раковетæ нин нæ æртæ къерей, уæ хуарзæнхæй. Æгайтима нæмæ арфæ ракæнунмæ æрбацудайтæ. Нæ цийнæбæл нин цийнæ кæнетæ. Уогæ аци цийнæдзийнадæ нæ еугур гъæубæсти цийнæ 'й, – загъта Сосланбеги мадæ.

Синхæгтæ финги уæлгъос берæ нæма рабадтæнцæ, уотемæй Гæтæгти колдуар кадæр æрбахуаста. Сосланбег æндæмæ ракастæй.

– Дæлæ Хъанамат циуавæрдæр незæй батухстæй. Дохтир абони кумæдæр рандæ 'й æма 'й дæхуæдæг ку фæуууинисæ, – загъта æрбацæуæг.

Куд нæ зонуй Сосланбег гъæубæсти хестæр Тегати Хъанамати!

Берæ æнзти дæргъи разамунд лæвардта Секери раздæри колхоз «Ирæф»-æн. Уой фæсте сæмæ совхоз арæзт ку 'рцудæй, уæддæр ма сауæнгæ пенсимæ рацæуни уæнгæ æнхæст кодта берæ æхсæнадон куститæ. Нур æй æ кæстæртæ раййивтонцæ. Уомæн дæр æ цуппар биццеуи нифсгунæй цæунцæ хестæрти надбæл. Сæ цуппар дæр æнцæ гъæууон хæдзаради специалисттæ. Тайморaз – зоотехник, Славик – фонси дохтир, Юрик æма Хъазбег ба – агрономтæ. Юрик цалдæр анзей дæргъи косуй Секери совхози директорæй. Бæрнон куститæ æнхæст кæнунцæ иннæ биццеутæ дæр. Уæхæн дзæбæх цæуæти фидæ 'й Хъанамат, Гæтæгти Бекири хуæздæр æмбал æма æмкосæг. Хъанамат тугъди фæсте колхози сæрдар ку адтæй, уæд Сосланбег ба сæрдигон каникулти е 'мбæлтти хæццæ галтæбæл куста.

Сосланбег хатир ракурдта æма тагъдтагъдæй рауадæй Тегатæмæ. Надбæл гъудити ранигъулдæй.

Æ зæрдæбæл æрбалæудтæй, кæддæр биццеути хæццæ сæрдар куд хилæ кодта, е. Фæскуст галтæ хезунмæ скъæрун гъудæй. Еци афони хуæздæр ма ци гъудæй! Галтæ ефтигъдæй фæуууагътонцæ æма – гъæумæ ледзгæ. Дуккаг бон син Хъанамат хъæбæр фæххилæ кодта. Сосланбег фæбботæ 'й æма сæрдарæн уотæ:

– Хуарз, хуарз, цалх дæндаггай зелуй.

– Зелуй æма ци? – мæстгунхузæй загъта Хъанамат.

Раги адтæй е. Сосланбег нæ балæдæрдтæй, еци хабар æ зæрдæбæл цæмæн æрбалæудтæй, уой. Тегати къæсæрæй ку бахизтæй, уæд сæйгæмæ ходгæй бацудæй. Хъанамат хъæхæй райзадæй.

– Инæлар! Ægасцо, æгас! – хуссæнæй рабадтæй, Сосланбеги рахъури кодта.

Иуазæг бахудтæй æма Хъанаматæн гъазгæй уотæ:

– Цалх дæндаггай зелуй, æви нæ?

Зæронд лæг бахудтæй æма загъта:

– Зелуй, зелуй! Ехх, Бекир дæ уотемæй ку фæуууидтайдæ! Дæ цæрæнбон берæ, еугур Иристонæн дæр устур кадæ кæнис.

– Хъанамат, æз дæ дæ незæй фæрсун. Ци дæ тухсун кæнуй?

– Хестæр æ кæстæри дзæбæхæй ку фæуууинуй, уæд си æ нез дæр фæллæдзуй. Æгайтима мæ рабæрæг кодтай. Уазал мæмæ бацудæй, æвæдзи, хуфæг мæ æнцад нæбал уадзуй...

Дуккаг бон Хъанамат æ уатæй рахизтæй. Æ хъæппæлтæ искодта æма Гæтæгтæмæ арфæ кæнунмæ иссудæй. Зæрдибунæй дзубанди байеудагъ æй Сосланбеги хæццæ. Кæрæдземæн сæ хабæрттæ фæккодтонцæ.

– Нæ биццеуи хæццæ будуртæ ку рабæрæг кæнисæ, фермитæ. Фæууинæ, галтæй кæми хумæ кодтай, стортæ кæми хизтай, еци бунæттæ, – æрæгиау загъта Хъанамат.

– Мæ галтæ итигъдæй кæми ниууагътон, еци будурæй зæгъис? – бахудтæй Сосланбег.

Хъæбæр æхцæуæн ин адтæй Хъанамати фæндон. Æрзилдæй Гæтæгти инæлар Секери уæлбилти. «Нарти Нихæс», «Бæлæгъти ком», «Гуленца», «Цубур цъух» æма æндæр рауæнти. Алли игуæрдæн, алли хезæнуат, алли æрдозæн дæр æхе ном. Сосланбег гъуди кодта, фидæй – фуртмæ сæ адæм ци нæмттæй хонунцæ, уой. Уогæ си хуасæ кæми нæ карста, стортæ кæми нæ хизтай!.. Адæймаг е 'ригон бонтæ кæми æрвета, уомæй хъазардæр, уарзондæр ин неци фæууй.

Совхози директори хæццæ Сосланбег берæ рауæнти æрзилдæй. Æ зæрдæ цийнæй байдзаг æй. Æгайтима æ гъæубæсти æхсæнадон гъуддæгутæ уотæ дзæбæх цæунцæ. Куд æхцæуæнæй игъуста Сосланбег совхози директор Тегати Юрий дзубандитæмæ! Кæддæр пурусай буни ци зæнхитæ исавдæй, уони никкæдзос кодтонцæ æма си нур аразунцæ клевер, люцернæ, æндæр кæрдæгутæ. Уой фæрци фæстаг æнзти æхсæнадон фонсæн цæттæгонд цæуй фулдæр хуаллæгтæ – хуасæ, кæрдæги инсад, силос...

Сосланбег æма Юрий фæстæмæ гъæумæ исæздахтæнцæ изæригон...

– Цæй, мæнæ ма фонсдаргутæмæ баздæхæн, – загъта Юрий.

Æхсири фермæ сæрди Секери уæлбилæ сæрдигон бунати фæууй. Етæ сæ уарзон æмгъæуккæгтæбæл хъæбæр фæцийнæ кодтонцæ. Гъогдоцгутæ Хуадонти Барис, Булкъонти Зæли, фонси дохтир Сурхаути Амурхан, иннæ косгутæ Сосланбеги радзурдтонцæ сæ гъуддæгутæ куд цæунцæ, дæсæймаг фондзанзони ихæслæвæрдтæ æнтæстгинæй исæнхæст кæнунбæл тохи син ци бантæстæй, идарддæр сæ размæ циуавæр нисантæ æвæрунцæ, уони. Цалдæр анзей размæ совхоз «Ирæф» сукткæмæ æхсир уæйæ кодта фондз – æхсæзсæдæ килограмми, нур ба дууæ тонней бæрцæ.

– Æз боз дæн, æгайтима еугурадæмон тохи фæсте нæ байзайдзинайтæ! – зæрдибунæй загъта Сосланбег.

## ИРÆЗГÆ КА КÆНУЙ, ИСОНИБОН ДÆР УОНИ 'Й!..

... Инæлари фæззиндмæ уæлдай æхсицгондæрæй æнгъæлмæ кастæнцæ Секери астæуккаг скъолай. Сосланбегæн æхецæй дæр иронх нæ адтæй еци гъуддаг. Рагæй нæбал бабæрæг кодта, е 'ригон бонтæ кæми равриста, хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ ке фæцæй, царди рохсмæ кæцæй рафæндараст æй, еци скъола.

Цал æма цал цæсти кастæй цæмæдесæй, совхози парткоми секретарь Сакъити Заурбеги хæццæ тургъи ку æрбафестæг æнцæ, уæд! Хори тунтæмæ нæуæгдзаути сурх галстуктæ тæмæнтæ калдтонцæ. Æрттивтонцæ инæлари усхъитæбæл сугъзæрийнæ пъагæнттæ. Сосланбег е 'мгъæуккаг биццеутæ æма кизгуттæн салам равардта, æ цæстæ сæбæл лæмбунæг æрхаста. Æ зæрдæбæл æрбалæудтæнцæ е 'ригон бонтæ. Цал æма цал хатти лæудтæй æхуæдæг дæр мæнæ аци тургъи скъоладзаути линейки!

Скъоладзаутæ иуазæгбæл æрæмбурд æнцæ æма ин зæрдибунæй сæ хабæрттæ фæккодтонцæ. Уæд сæ Сосланбег рафарста:

– Нæхе финсгутæй ке зонетæ?

– Хетæгкати Къоста, Малити Геуæрги, Плити Харитон, Боцити Барон...

– Кедæр феронх кодтайтæ. Рагъуди ма кæнетæ. Ами, нæхе гъæуи райгурдæй.

– Фæрнион... Къоста... Берæ ин уарзæн æ уадзимистæ.

Берæ уарзуй Сосланбег æхуæдæг дæр Фæрниони исфæлдистадæ.

– «Уады уынæр» бакастæн цалдæр хатти æма мæ цæститæбæл рагъазтонцæ нæхе гъæуи, нæхе æрдзи хузтæ. Куд рæсугъд сæ исфæлгонц кодта финсæг!

Сосланбег ахургæнгути хæццæ ку байзадæй, уæд син уотæ бакодта:

– Раст мæмæ нæ кæсуй, нæ кадгин æмзæнхони ном нæуæгдзаути къуар ке нæ хæссуй, е. Кенæдта скъолайæн ба Фæрниони ном раттæн цæмæннæ ес?

– Æцæгæйдæр, цæмæннæ? – кæрæдземæ бакастæнцæ ахургæнгутæ...

Æ отпуски рæстæги еунæг бон дæр евдæлон нæ адтæй. Еу изæр ба 'й фæхудтонцæ гъæуи культури Хæдзарæмæ. Сæ кадгин æмзæнхони хæццæ фембæлдмæ æрцудæнцæ айдагъ фæсевæд нæ, фал хестæртæ дæр. Гæтæгти инæлар син берæ цæмæдессаг хабæрттæ фæккодта. Радзурдта, нæ намусгин Гæрзефтонг тухтæ куд ирæзунцæ, сабурдзийнадæ ниффедар кæнунбæл куд гъæддухæй тох кæнунцæ, уой туххæй.

– Парти æма хецауадæ, еугур советон адæми фæндон еудадзуг зæрдæбæл даргæй, советон тугъдонтæ къæрцгъосæй гъæуай кæнунцæ бæсти арæнтæ. Тугъд нæбал æруадзун, адæми 'хсæн хæлар рахастдзийнæдтæ парахат æма федар кæнун адтæй æма кæддæриддæр удзæнæй нæ партий Центрон Комитети, Советон хецауади сæйрагдæр мæтæ.

6




Циртдзæвæн ГÆТÆГТИ Сосланбеги циртбæл Ирон аргъауæни тургъи пантеони.

**ГÆТÆГТИ Бекири фурт Сосланбег райгурдæй 1930 анзи Секери гъæуи. Уоми астæуккаг скъола фæуогæй, ахур кæнунмæ бацудæй Цæгат Иристони медицинон институтмæ. Æртиккаг къурси фæсте ба æ ахур раизолдæр кодта Ленингради Тугъдон-медицинон академий, кæций каст фæцæй сурх дипломи хæццæ. Ахури фæсте æрвист æрцудæй Туркестани тугъдон зилдмæ. 1972 анзи ин æ барæ бакодтонцæ Приволжскаг тугъдон зилди медицинон службæ. Дууæ анзей фæсте нисангонд æрцудæй Прибалтиаг тугъдон зилди медицинон служби сæргълæууæгæй. 1978 анзи, инæлар-майори цини уогæй разамунд лæвардта Советон Цæдеси ракетон æфсæдти медицинон службæн.**

**Гæтæгти Сосланбег хуарзæнхæгонд æрцудæй аллихузон ордентæ æма майдантæй, Кади гæгъæдитæй. Исаккаг ин кодтонцæ æнæнездзийнадæ гъæуайгæнæги отличникки ном, Уæрæсей Федераций, Германий Демократон Республики, Венгрий Адæмон Республики æскъуæлхт дохтири ном. Уæдта ма адтæй Германий тугъдон медицини Æхсæнади иуонг-корреспондент. Æ цардæй рацох æй 1982 анзи. Байвардтонцæ 'й Дзæуæгигъæуи Ирон аргъауæни тургъи пантеони.**

***Номдзуд ахургонд Дмитрий Менделеевмæ, дан, æрбахастонцæ æ уаци корректурæ. Уаци буни амунд адтæй ахургонди титул æнæгъæнæй. Е бахудтæй: «Нæййес ин геппи уадзæн: титул паддзахи уонæй даргъдæр æй...» Æцæгæйдæр, Менделеев адтæй дуйней дæсгай академити æма зонадон æхсæнадти иуонг.***



КАДЖАТИ Вадими кондхузæ «Нæ рагфидтæлти зæрдæбæлдарæн».

# ИРИСТОНИ УАГÆ



*МÆХÆМÆТТИ Хадзирæти фурт Æхсарбег… Нæ зундгонд ахургонд, историон наукити доктор, профессор, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети рагон дуйней æма астæуккаг æности историй кафедри бундорæвæрæг, Цæгат Иристони фиццаг этнограф… Устур Фидибæстон тугъди хъазауатонæй фæттох кодта немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ. Сурх Æфсади рæнгъитæмæ имæ фæдздзурдтонцæ 1941 анзи июли æма 'й рарвистонцæ ахур кæнунмæ Астрахани æфсæддон-авиацион скъоламæ. 1942 анзæй фæстæмæ архайдта тугъдити Хонсар-Хорнигулæн фронти, куд æфсæддон хæйттæй еуей комиссари хуæдæййевæг. Архайдта бæгъатæрæй – уомæн æвдесæн æ хуæрзеугутæ: Намуси III къæпхæни орден, майдантæ. Гъулæггагæн, уæззау цæф ке фæцæй, уой фудæй æй фронтæй рарвистонцæ сæхемæ. Партион куст кæнгæй, фæцæй каст институт дæр. Æма райдæдта æ наукон-педагогон куст. Цæйбæрцæбæл æнтæстгинæй, уомæн ба æвдесæг æй е дæр, æма Мæхæмæтти-фурт адтæй антропологон æма этнографион æхсæнадон конгрессти иуонг, аллихузон мадзæлтти архайæг, Мæскуй паддзахадон университети историон факультети лекци бакæсунмæ 'й байагориуонцæ.*

*Мæхæмæтти Æхсарбеги райгурдбæл аци анз 17 феврали исæнхæст æй сæдæ анзи (1920-1983). Уой фæдбæл сæрмагонд æрмæг ниммухуркæнуйнаг ан, абони ба ин мухур кæнæн æ уацтæй еу.*

Алли адæммæ дæр ес сæхе æгъдæуттæ. Етæ хъæбæр раги фæззиндтæнцæ. Кудфæстæмæ, уотæ æййевгæ цудæнцæ, уой хæццæ хуæздæргæнгæ.

Берæ хуарз æгъдæуттæ ес ирон адæммæ дæр. Етæ æнгом баст æнцæ кæрæдзей хæццæ. Еске си ку фехалай, уæд дæ адæм уайтæккæдæр бафеппайдзæнæнцæ. Зæгъдзæнæнцæ дин: мæнæ ами хуарз бакодтай, мæнæ уоми ба – лæгъуз.

Зæрдæбæл дарун гъæуй еу гъуддаг: мах адæми æхсæнадон æгъдæутти бундор æвæрд æрцудæй недзаманти, муггагæй ма ку цардæнцæ, уæд. Уомæ гæсгæ дессаг нæй, феодалон æма капиталистон æхсæнадон цардæвæрди ма муггагæй царди рæстæги æгъдæуттæ ке фæззиннунцæ, уой хæццæ хатгай тухгинæй, е. Фал рæстæг домбай æй. Размæ куд цæуй, уотæ æнауæрдонæй сæттуй зæронд æгъдæуттæ – нæуæг æхсæнæдон фæззиндтитæ домунцæ нæуæг рахастдзийнæдтæ, нæуæг цæстингастæ. Еци хузи уæлдай домагæдæр разиндтæй капиталистон цардарæзт. Е æ домбай куройни æрæнсадта хуæнхаг адæми æхсæнадон цардиуагæ.

Мах æрдигон адæймаг æ фиццаг бакаст æма миутæй дæр æхе кæддæриддæр æргом кодта æма кæнуй нур дæр. Бæрæг æнцæ æ исдзурд, æ салам. Зундгонд ахургонд Пфафф финста: «Къæрцгъосдзийнадæ æма ездондзийнадæ сæмæ уа (гъома, ирæнттæмæ – *Ред.*) – æгъдауи тæккæ фиццагдæр домæн». Еци ахургонд, æ гъуди идарддæр хъæртун кæнгæй, дзурдта: «...Мах ирæнттæмæ бафеппайдтан уой, æма рагацау лæмбунæг расагъæс кæнунцæ, ци миуæ бакæнунмæ, ци зæгъунмæ фæгъгъавунцæ, уобæл. Æцæгæлæнтти хæццæ сæ дзубанди æй фæлмæн».

## ХЕСТÆР-КÆСТÆР КÆМИ НÆ ЗОНОНЦÆ, УОРДÆМÆ ФАРНÆ НÆ ЦÆУЙ!..

Ирон адæм хъæбæр нимайунцæ хестæрти æма силгоймæгти. Уони хæццæ дзорунцæ ездон цъухи уагæй. Æгъдауи бæрæг æнцæ, сæ хæццæ ци æвзагæй дзорæн ес æма нæййес, сæ рази хе куд дарун гъæуй, уой. Зæронд лæг ку фæззинна, уæд ин гъæуама кæстæртæ уæлæмæ исистонцæ, уой хæццæ хæдзарæмæ ку бацæуа, айдагъ уæд нæ, фал, гъæунги ку цæуа, уæддæр. Уæхæн дзамани хестæр фæззæгъуй: «Арфæгонд уотæ, исбадетæ». Фал уæддæр æригæнттæ фæллæуунцæ, цалинмæ хестæр еуцæйбæрцæдæр райевгъуйа, уæдмæ.

Кенæ ба, зæгъæн, лæгтæ фæццæунцæ къуарæй. Дууæ ку уонцæ, уæд гъæуама кæстæр цæуа рахесæрдигæй, хестæр – астæуæй, астæуккаг кари лæг ба – галеуæрдигæй. Уæхæн фæткæ цæмæн æвæрд æрцудæй? Кедæр си багъудæй иннетæй рараздæр ун (зæгъæн, над исбæрæг кæнун, цидæр исаразун), уæд гъæуама ихæс банхæст кæна тæккæ кæстæр, рахесæрдигæй цæуæг. Дууемæй байзайгæй, хестæр фæууй рахес фарсæй.

Уæхæн æгъдау ес бæхгинтæмæ дæр. Еуæй-еу рауæнти (зæгъæн, Тæгиатæмæ) адтæй уæхæн æгъдау, æма тæккæ кæстæр бæхгин цудæй разæй. Иннетæ – æ фæсте. Уотемæй хестæр адтæй æ бунати – рахес фарсæй. Тæккæ кæстæр гъæуама адтайдæ галеуæрдигæй, кæронæй. Еугурей хестæр ба – рахесæрдигæй, дуккаг. Уомæн æ галеу фарс – дуккаг хестæр.

Бæлццæнттæ бахъæрдтæнцæ сæ бунатмæ, зæгъæн, иуазæгуати. Рахизтæнцæ бæхбæттæни рази. Е бæ фæууй колдуари рази. Уой хæццæ ба ма бунатмæ бæхъæртгæй, бæлццæнттæ гъæуама æрлæудтайуонцæ уотæ, цæмæй цæгиндзæ райзадайдæ бæхти рахесфарс. Кенæ ба багъæудзæнæй хæдзарæн æ къилдунмæ рахезун. Е ба хæдзари хецаумæ гъулæг фæккæсдзæнæй, гъуди кæндзæнæй, нæ мæ нимайунцæ, зæгъгæ. Бæхти бæттуй кæстæр, фусунтæй зæронд лæг кенæ æфсийнæ, уонæй уæлдай иуазгутæбæл исæмбæлæг ку неке уа, уæд.

Иуазæг бæхæй нæ рахезуй, цалинмæ фусунти хецау æ размæ рацæуа æма ин «еблагъуæ» нæ зæгъа, уæдмæ.

Хестæр цæунвæндæ ку искæна, уæд имæ кæстæр æ бæх бакæнуй. Е хæдзарæмæ ку 'рбацæуй, уæд æ размæ кæстæртæ рауайунцæ, æ бæх, æ нимæт, æ саргъ ин бафснайунцæ.

Дууæ бæхгини надбæл ку фембæлиуонцæ, уæд гъæуама æрбацудайуонцæ кæрæдзей рахесфæрсти: гъæуама кæрæдземæ равардтайуонцæ галеуфарс. Цæмæн? Бæхгинти рахес къохти уиуонцæ æхситæ. Æгъдаумæ гæсгæ, исæмбæлгæй, æхсæ гъæуама æвдист ма цудайдæ. Е 'хсæ римæхсæгау бакæнидæ иуазæг фусунти тургъæй ку рараст уидæ, уæддæр.

Иуазæг æ фусунтæй естæмæй боз нæй, зæгъгæ, уæд е 'хсæй æрцæвидæ бæхи рагъ. Уæхæн дзамани фусун æхе неци уинæг æма неци лæдæрæг искæнидæ, фал æхенимæри ба зæгъидæ: уой дин нæ зæрдæбæл бадардзинан.

Æхсæн дарæн нæййес силгоймæгтæ кæми лæуунцæ, уоцирдигæй. Уони рази бæхи цæвун не 'нгъизтæй – уæд е æфхуæрди хузæн адтæй.

Кенæ ба уотæ. Нæлгоймаг фæццæуй фестæгæй. Æ размæ æрбацæуй силгоймаг. Æрбауагъта æй æ рахесфæрсти, лæдзæг ба æ галеу къохмæ райста. Цубурдзурдæй, силгоймаги хæццæ фембæлгæй, нæлгоймаг архайдта уомæн фулдæр, хуæздæр аргъ искæнунмæ, аккаг æгъдау ин раттунмæ. Барæ некæмæн адтæй уой рази хе уæлдæр кæнунæн, хъаурæ æвдесунæн.

Ирон адæммæ бæрæг адтæнцæ, ке хæццæ куд æма ци 'взагæй дзорун, кæми ци дзорун гъæуй, етæ, салам раттуни æгъдæуттæ. Еске хæццæ дзубанди гъæуама адтайдæ хебæлхуæцгæ, ездон. Æригон биццеу кенæ сувæллон зæронд лæгмæ дзурдтонцæ «дада», «баба», етæ дæр сæмæ дзурдтонцæ: «мæ хор», «мæ хъæболæ», «мæ цæстæ». Аразидзийнади, саламдзийнади, еблагъуи хузи дзурдтонцæ: «табуафси». Хъæбæр гъарунцæ зæрдæмæ сæ дзубандитæ: «дæ рун дин бахуæрон» æма æндæртæ. Лæгбæл фембæлгæй, уомæн гъæуама, æнæмæнгæ, радтай салам, кæд æ хæццæ зонгæ нæ дæ, уæддæр.

Раги адтæй, уæдта нур дæр ес уæхæн æгъдау, æма зонгæ æмбали хæццæ фембæлгæй, гъæуама уой бафарстайсæ е 'нæнездзийнадæй. «Се 'мбæлтти хæццæ, сауæнгæ ма, æгириддæр ке нæ зонунцæ, уони хæццæ фембæлгæй, – финста Хъанухъуати Инал, – ирæнттæ æнæгъдаудзийнадæбæл нимайунцæ, уой е 'нæнездзийнадæй нæ бафæрсун».

Къох есуни æгъдау ирæнттæ райстонцæ иннæ адæмтæй. Сауæнгæ ма 70-аг æнзти дæр ма кæрæдземæн салам лæвардтонцæ, цонг е 'рæмбуйникъæдзæбæл фæкъкъæдзæ кæнгæй æма уотæ зæгъгæй: «Дæ бон хуарз уæд! «Дæ над раст уæд!» Салам раттуни еци дзурдтæ абони дæр байзадæнцæ.

## ХУÆДÆФСАРМÆ АДÆЙМАГ – АДÆМÆН Æ ФЕДАУЦÆ!..

Бæрæг æнцæ нæлгоймаг силгоймагæн салам раттуни, силгоймаги (раздæр салам дæттуй нæлгоймаг) дзуаппи, хестæрæн салам раттуни дзурдтæ æма уотæ идарддæр. Еци саламтæ лæвæрд цудæнцæ æнæ уæлдай дзурдтæй, ездонæй, адæймагуарзонæй.

Æма айдагъ фембæлди рæстæг нæ адтæнцæ ирон адæм уæхæн фæлмæнзæрдæ. Хецæн кæнунцæ, фæндараст зæгъунцæ, уæддæр иуæнгти хезуй сæ алли дзурд дæр. Еци ездондзийнадæ, еци зæрдибунæй цæугæ фæлмæн дзубанди еу æма дууæ иуазæги нæ бафеппайдтонцæ.

Хъæбæр бæрæг адтæй кæрæдзей хæццæ дзубанди кæнуни уагæ. Ами гъудæй хъæбæр хебæлхуæцгæ ун. Адæм ходиуонцæ тагъд æма гъæрæй дзорагæбæл. Æхсæнадон бунати гъæрæй дзорæн нæ адтæй. Тагъд дзорагæй зæгъиуонцæ: «Рæуæг сæр æй!..»

Хуарз некæмæ кастæй, е 'мдзубандигæнæгмæ кæронмæ игъосун нæ фæразун, æ дзурд ин æ гъæлæсæй есун. Уæлдай ходуйнаг ба адтæй, дууæ адæймаги дзорунцæ, уæд сæмæ дзурд гæлдзун. Хестæрти 'хсæн кæстæртæн нæ федудта дзубанди кæнун.

Кæрæдзей хæццæ дзубанди кæддæриддæр цудæй сабургай, æнæсхъиуд дзубандитæй. Неци хузи адтæй æнæуагæ цъухæй дзорун. Рæсугъд, аййев, арфгъуди æмбесæндтæ дзубандий ахид æмбалдæнцæ. Гурумухъ, тузмæг дзубандитæн бунат нæ адтæй. Æвæдзи, адæймагæн куд æхцæуæн фæууй, ирон æвзаг æма ирон æгъдæуттæ хуарз ка зонуй, уæхæнмæ игъосун! Æ дзубанди фæццæуй еци лигъзæй.

Ирон адæм некæд уарзтонцæ, сæ дзубандий ци бæлвурд културæ ес, уой ихалун, уомæ кудфæнди цæстæй кæсун. Дзубанди кæнгæй, ниуæзтгун лæги фæууинд алкæмæндæр синдзи хузæн адтæй. Цитæ лæхурдта, уонæмæ исмæстгун

**Адæмон Коммисарти Совет 1945 анзи 11 сентябри рахаста унаффæ, тугъди æнзти е 'нцойни рæстæгæй испайда кæнуни равгæ кæмæн нæ фæцæй, еци косгутæ æма службæгæнгутæн компенсации бафедуни туххæй.**

***Рагонбердзенаг философ Платони фæдзæхст: «Адæми фæлтæртæ фидбилизтæй, бæлæхтæй нæ фæйййервæздзæнæнцæ, цалинмæ раст гъудигæнæг философтæ паддзахæдти бæрнон бунæттæ нæ байахæссонцæ, кенæ ба паддзæхтæ сæхуæдтæ Хуцауи фæндæй æцæг философтæ нæ исуонцæ, уæдмæ».***




уиуонцæ. Уомæ гæсгæ еци хузи æ нифс неке хаста æхсæнадон бунатмæ бацæун, уæлдайдæр ба уоми е ’взаг исуадзун.

Устур аргъ кодтонцæ адæм финги æгъдæуттæн.

Евгъуд рæстæгути этнографти æма нуртæккæ этнографион æрмæги берæ ’вдесуйнæгтæй зундгонд куд æй, уотемæй ирæнттæ хуæрунмæ адтæнцæ ездон, уæлдайдæр иуазæгуати.

Уруссаг æфсæддон дохтир И.И. Пантюхов, Кавкази уогæй, æ гъос дардта бунæттон адæмти цардмæ. Æма е финста: «Ирæнттæ хуæрунцæ уойбæрцæ, æма европаг, уотæ хуæргæй берæ рæстæг цæрун нæ бафæраздзæнæй!»

Еци гъуди идарддæр хъæртун кæнуй, профессор Кокити С. Е финста: «Ирæнттæ хуæруйнагмæ сæ гъос уоййасæ нæ дарунцæ, уæдта имæ хъæбæр фæразон, губунбæл хуæцгæ 'нцæ. Фудхуæрдæ кæнун, губундзæл ун, – зæгъуй е, – æй устур ходуйнаг. Стонги кой минкъий ракæнун дæр нимад цæуй æдзæсгондзийнадæбæл, æнæфсармæдзийнадæбæл. Гъе, уомæ гæсгæ хъæбæр фæразон æнцæ ирæнттæ стонг дзаманти, цийфæнди стонг уогæй дæр, уой туххæй некæд иской кæнунцæ».

## ФИНГИ ÆГЪДАУ АДÆЙМАГÆН ФÆЛВАРÆН ÆЙ...

Уотæ ке гъуди кæнунцæ, уомæ гæсгæ исæвзурдæнцæ финги ’гъдæуттæ дæр. Финги уæлгъос бадгæй, адæймаги берæ фæззелæнтæ зонун гъæуй.

Финги уæлгъос хе куд дарун гъæуй, е кæрæй-кæронмæ дæр бæрæг æй. Иуазæгуати уай, дæхе бийнонти ’хсæн уай, уæддæр гъæуама æнхæст кодтайсæ æгъдау. Фингæ хестæрæй-кæстæрæй, алкæмæй дæр агоруй æхе аккæгтæ. Фингитæ аллихузон хуæруйнæгтæй зæу-зæу ку кæнонцæ, уæддæр гъæуама комидзаг кæнай сабургай. минкъийгай, гъæуама фусунтæ ма бафеппайуонцæ, стонг дæ, уой.

Хуæргæй дзорæн нæ адтæй. Ходуйнаг адтæй, ци хуæруйнаг дин æрæвардтонцæ, уой еугурæйдæр бахуæрун. Еуминкъий ма си гъæуама иуазæг ниууагътайдæ æнæвнæлдæй, гъома, фингесæггаг.

Куд уинæн, уотемæй ирон финги уæлгъос бадун некæд æвдиста рæстæг дзæбæх рарветун, хуарз бахуæрун æма баниуазун. Е адтæй фæлварæни хузæн. Финги уæлгъос адæймаги уагæмæ фæккæсунцæ дæсгай цæститæ. Финги уæлгъос адæймаг æхе куд дардта, уомæ гæсгæ ин исаккаг кæниуонцæ æхсæнади дæр. Уомæ гæсгæ алкедæр фингæмæ ’вналдта арæхстгай, дзурдта арæхстгай, гъуди кодта æ алли исдзурдбæл дæр.

Адæймаги менеугутæй æ зунд, е ’сдзурд, æ ракъахдзæфæй фулдæр аргъ нецæмæн кодтонцæ. Уонæмæ гæсгæ си зæгъиуонцæ, цæйбæрцæбæл лæг æй, уой.

Финги уæлгъос бадгутæй алкедæр зудта: еци менеугутæ имæ уодзæнæнцæ уæд, æма æ зунд ку нæ баниуаза, уæд.

Хуæрун æма финги уæлгъос дзубанди кæнгæй, алкедæр æхе гъæуай кодта фæррæдуйунæй, ести æнæргъуди миуæ бакæнунæй. Иуазгутæ кæрæдзей фарсмæ фæббадиуонцæ цалдæргай сахæттæ, фал си уæддæр неке фæррасуг уидæ.

Алкæмæндæр барæ адтæй финги ниуазæн нæ баниуазун. Æрмæст уæхæн дзамани урдугистæгæй ракоридæ: «Фæццох мæ кæнетæ». Нæдæр финги хестæр, нæдæр урдугистæг нæ ниллæууиуонцæ, седти ниуазæнæн æнæ ниуазгæ нæй, зæгъгæ. Еци барæй лæгæн æ бон адтæй бадти рæстæг еу къуар хатти испайда кæнун.

Уой хæццæ, бадти райдайæни «æз нæ ниуазун» ка зæгъидæ, уомæ идарддæр сæхе нæбал бахатиуонцæ. Еуæй-еуетæ ба ниуазæнæй райахуадиуонцæ æма 'й фæстæмæ урдугистæгмæ радтиуонцæ. Цубурдзурдæй, бадгутæй алкедæр архайдта уобæл, цæмæй æ бон бауа кæронмæ фæббадун æма ма фæррасуг уа.

## АДÆМИ КАДÆ ÆГЪДАУИ ХУАРЗÆЙ ÆНТÆСУЙ!..

Финги уагæ берæ аразгæ адтæй хестæрæй. Фиццагидæр уомæй цæуй æгъдау. Лæдæруй æ алли дзурд, гъуди кæнуй æ алли миуæбæл дæр. Бæллуй уомæ, цæмæй бадт рæсугъд рарвета. Финги хестæрæн фулдæр хæттити исбадун кæниуонцæ иуазгути хестæри, еци бунати еу кенæ дууæ хатти ка нæ бадтæй, æ ихæстæ хуарз ка зудта, уæхæни. Уæлдæр амунд æгъдæуттæмæ, ездондзийнадæ æма æндæр менеугутæмæ гæсгæ бадт цудæй «дипломатон хунди» уагæбæл. Нæ си адтæй, зæрдæмæ ка нæ цудæй, уæхæн миутæ.

Финги уæлгъос адтæй еу уæхæн æгъдау: кæд æма исбадтæ, уæд кæронмæ ма исистæ. Æма алкедæр уотæ кодта. Кæд бадт изæрæй сауæнгæ сæумæмæ рахастайдæ, уæддæр ходуйнаг адтæй «хуссун мæмæ цæуй», «бафæллад дæн» кенæ æндæр ести зæгъун.

Кæстæртæ гъæуама фингæй раздæр исистадайуонцæ.

Ирон адæми аллибони царди ма берæ æндæр уæхæн æгъдæуттæ ес. Сæ еугуремæн фадуат нæййес ранимайунæн. Фал ами, æвæдзи, раст уайдæ дæнцæнæн академик В.Ф. Миллери дзурдтæ æрхæссун. Е дзурдта: «Ирæнтти мæгур хæдзæртти европаг сугъзæрийнæ галауантæй фулдæр æгъдау ес».

Ирон хуæнхаг адæми культури хæццæ, царди хæццæ хуарз зонгæ ка адтæй, еу уæхæн уруссаг автор финста: «Хуæнхаг лæги зæрдæ гъæздуг æй. Æ фæлмæн уарзт уайтæккæ разиннуй, кæд дæсгай æностæ хуæнхаг адæмти ’хсæн тузмæгдзийнадæ æвзурун кодтонцæ, уæддæр. Рæсугъддзийнадæ, аййевдзийнадæ, поэзи уомæн æцæгæлон нæ ’нцæ. Е нæ, фал имæ етæ 'нцæ æрдзæй, уæдта, зæгъæн ес, хъæбæр хуарзæй. Хуæнхаг лæг федауцæ æй е ’скъуд цъохъати, гъунтъуз ходи æма нимæти дæр. Лæугæ ку фæккæнуй, уæд еци æмраст, е ’змæлд ба æй тагъд, дзæгъæли хумæтæги некæд дзоруй. Æ миутæ æнцæ хумæтæг æма æнаййеп».

Фæстагмæ мæн фæндуй бафеппайун уой, æма ирон æгъдауи, ирон лæги уаги хъæбæр бæрæгæй зиннунцæ адæймагдзийнадæ, берæ æности дæргъи иннæ адæмти хæццæ æнгом цæруни фæлтæрддзийнадæ: алли адæм дæр ин фадуат лæвардтонцæ сæ культури хуарздзийнæдтæ ’рбайсунæн. Уæлдæр дзубанди ци æгъдæуттæбæл цæуй, етæ æвдесунцæ ирон адæми культури гъæздугдзийнадæ.

Аци æгъдæутти туххæй уомæн нæ финсæн, æма сæ еугур фæнзуйнаг æнцæ нуртæккæ, кенæ ба – рагæлдзуйнаг. Хуарзæй си ци ес, е, æвæдзи, исбæздзæнæй царди.

***1968 анз.***

# «БОЗ ДИ АН, ИНÆЛАР!..»

Хъæбæр багъардтонцæ секейрæгти зæрдæмæ Сослæнбеги дзурдтæ. Сабурдзийнадæ... Куд хъазар æй еугур дуйней адæмæн дæр! Миллион æригон адæймæгутæ равардтонцæ сæ цард сæребарæдзийнадæ, амондгун федæни сæрбæлтау. Берæ секейраг биццеутæ нæбал исæздахтæнцæ сæ уарзон гъæубæстæмæ тугъдæй. Уонæн æвæрд æрцудæй циртдзæвæн. Æностæмæ имисдзæнæнцæ секейрæгтæ сæ бæгъатæр биццеути нæмттæ. Сослæнбег Секери уогæй, зингхуст хъæйтарти циртдзæвæн нæ рабæрæг кодта, зæгъгæ, уæхæн рæстæг некæд адтæй.

... Гæтæгти Бекири фурт Сослæнбег Советон Æфсади рæнгъити зин, фал кадгин службæ æнхæст кæнуй берæ æнзти дæргъи. Нæ си феронх æй нийййергути, хæларзæрдæ синхæгти, хæстæгути фæдзæхст.

Ленингради æфсæддон медицинон академи хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ каст фæууогæй, æрвист æрцудæй Туркестани æфсæддон зилдмæ. Адтæй полкки, уæдта дивизий дохтир. Туркестани тугъдон округи ахсгиагдæр рауæнти федар æма раст уагæбæл адтæнцæ æ фиццаг ампъезтæ. Уоми службæ кæнгæй иссæй Коммунистон партий иуонг. Инсæй анземæй фулдæр кади хæццæ хæссуй еци кадгин ном. Тугъдон æнæнездзийнадæбæл уотæ зæрдеуагæй ке ауодуй, уой туххæй Гæтæгти Сослæнбегæн 1955 анзи лæвæрд æрцудæй кадгин ном «Æнæнездзийнади отличник». Анзи фæсте æ реубæл исæрттивта «Фæллойни æскъуæлхтдзийнади» майдан. Æдеугур инæлар-майор Гæтæгти Сослæнбегæн лæвæрд æрцудæй дæс майдани, уæдта «Фидибæстæн еузæрдиуон служби туххæй» III къæпхæни орден.

Гæтæги-фурти фæстаг æфсæддон аттестацитæй еуеми бакæсæн ес уæхæн дзурдтæ: «Æй принципиалон, домагæ коммунист, ефтонг æй идейон-теоретикон æма политикон æгъдауæй. Бæрзонд æй æ профессионалон æма тугъдон цæттæдзийнадæ... Ци гъуддаг ин бафæдзæхсунцæ, е си иронх некæд фæууй. Æ фæллойнæ уарзондзийнади рæуаги æнтæстгинæй лух кæнуй, æфсади медицинон служби рази нури рæстæги ци ахсгиаг ихæстæ лæууй, уони...»

Гъо, хумæтæги нæ адтæй не ’мзæнхон Приволжьейи, уæдта Прибалтики æфсæддон округти медицинон служби хецау. Никки бæрнондæр куст ба нур æнхæст кæнуй – æй Советон Гæрзефтонг тухти ракетон æфсæдти медицинон служби хецау.

Сауæнгæ медицинæ нæ, фал кæцифæнди ахуради фарстатæбæл дæр æ хæццæ радзубанди кæнæ, æма дæмæ уотæ фæккæсдзæнæй, цума æ размæ æцæг специалист лæууй. Уæлдай фулдæр ба уарзуй аййевадон литературæ...

Гъе, уæхæн æй нæ номдзуд æмзæнхон, партий, æфсади хъæболæ Гæтæгти Бекири фурт Сослæнбег.

– Боз ди ан, инæлар, – фæззæгъунцæ ин секейрæгтæ дæр сæрустурæй.

## КАДГИН Æ ЦАРДВÆНДАГ, ЦИТГИНÆЙ ÆЙ ИМИСУНЦÆ ДЗИЛЛÆ...

Еума хатт æй зæгъæн, аци очерк финст æрцудæй 1980 анзи, Сослæнбег æхуæдæг дæр ма цардæгас адтæй. Уæдæй нурмæ ци рæстæг райевгъудæй, уоми берæ æййивддзийнæдтæ æрцудæй, очерки ке кой кæнунцæ, уонæй абони беретæ не ’хсæн нæбал æнцæ – Сослæнбегæн æ мадæ Мæдинæт, е ’нсувæртæ Морат æма Солтан, Секери цитгин лæгтæ Тегати Хъанамат, Сакъити Заур...

Нæбал æй, кæддæр гъæуи ци тухгин совхоз адтæй, е дæр – æнæхайири «райарæзти» æнзти фудракæндтитæ ’й бабун кодтонцæ. Фал гъæу уæддæр цæруй æма архайуй æ цардиуаги хабæрттæ аразунбул. Ци адæм си цæруй, етæ сæ цардарæзт, сæ бон куд æй æма сæ фадуæттæ куд амонунцæ, уотæ, сæ исонибон фæххуæздæр уни фæдбæл мадзæлттæ аразунцæ. Кæстæртæбæл ауодунцæ, нæ адæми хуæздæр æгъдæуттæбæл æновуд уни зундбæл сæ ’фтаунцæ. Еци гъуддаги хуæздæр надбæл æй, райгурæн гъæубæстæн кадæ ка искодта æма кæнуй, уони дæнцæн. Уонæй еу – Гæтæгти инæлар. Абони гъæуи гъæунгтæй еу хæссуй уой ном.

***

Гæтæгти Бекири фурт Сослæнбег абони, гъулæггагæн, не ’хсæн нæбал æй. Фал нæ хъæбæр фæндуй, цæмæй æ рохс ном фæлтæрмæ иронх ма уа, царди нæдтæбæл нæхстæргæнæг кæстæртæн разæнгардгæнæнæн изæла æ номерæни зар:

*Ирæфи хъал дон къæдзæхти дортæ*
*Берæ фæлласта,*
*Гæтæгти инæлар*
*Сæрæн Сослæнбег нези дзæмбутæй*
*Берети байста.*

*Нæ Иристонæн æрдзæ бахай кодта*
*Берæ хуарз хуæнхтæ.*
*Гæтæгти инæлар*
*Сæрæн Сослæнбег æ кусти райста*
*Берæ хуарзæнхитæ.*

*Дабони гъæдгæс æрдозти кæрдæг*
*Хуасæн фæккарста.*
*Гæтæгти инæлар*
*Сæрæн Сослæнбег дохтири устур ном*
*Хуарзæй фæххаста.*



**Гъæу Секер æрбунат кодта цæугæдон Ирæфи уæлбилæ.**

**Хуцаубони, 13 сентябри бæрæггонд цæудзæнæй танкисти Бон. Нисангонд æрцудæй 1946 анзи 1 июли ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Указмæ гæсгæ. Бæрæггонд цæуй алли анз дæр сентябри дуккаг хуцаубони.**

*Зундгонд дохтир Сергей Боткини (1832-1889) еу силгоймаг ку бафарста, цæмæй фæкъкъæсхурдæр уон, уомæн ци гъæуй, зæгъгæ, уæд ин загъта: «Дæ сæр ку рахесæрдигæй галеуæрдæмæ разелисæ, ку галеуæрдигæй рахесæрдæмæ!..» Силгоймаг ниддес æй: «Кæд?..» Дохтир ин: «Хуæруйнаг дин ку дæттонцæ, уæд...»*



# АДГИН ДÆР ÆЙ ÆМА ПАЙДА ДÆР!..



***Аци афони, уæлдайдæр тæвдæ рæстæги, фулдæр хæттити зæрдæ байагоруй харбуз. Æ адгин донæй ком рауазал кæнунæй хуæздæр ма ци фæуй. Фал беретæ нæ зондзæнæнцæ еугуремæндæр уарзон æма алкæмæндæр зундгонд зайæгоймæ биологион цæстингасæй ку 'ркæсæн, уæд æй бахæссæн ке ес гагарæзи къæпхæнмæ. Æндæр дзурдтæй æй ку зæгъæн, уæд е æй халсарон гагарæзæ, уотемæй ба хауй насæнгæсти бийнонтæмæ.***

Гъе, уæхæн цæхгæрмæ хецæндзийнæдтæбæл ку нæ гъуди кæнæн, уæд харбуз адæймаги организмæн пайда ке æй, е зундгонд æй хъæбæр рагæй. Æ нивтæ ин абони фæууинæн ес мисираг пирамидити фæрстæбæл. Аргъ кæмæн нæййес, уæхæн агъазиау халсартæбæл ба нимад цудæй Рагон Китайии. Уоми кæддæр бæрæг кодтонцæ «Харбузи бон» дæр. Уæрæсемæ ба кæрдæгхуз гъолон-молон «къубулойнæ» æрбафтудæй XVII æноси, æма зундгонд иссæй, куд æнахур дессаги адгин æма æнæнездзийнадæн пайдахæссæг культурæ.

Æцæгæйдæр, организмæн пайда ке хæссуй, уобæл дзоруй харбузи химион исконд. Æ сурх фæлмæни берæ ес витаминтæ С æма РР, уæдта В къуари витаминтæ, каротин æма фолийи тауæгадæ.

Гъуддаг уотæ 'й, æма харбуз хуæрун агъаз кæнуй организм уæлдай уæзæй фæййервæзунæн. Æ æвæрццæг рахуæцæнтæ ба æнцæ цалдæр. Фиццагидæр ами ес донихупп тæрæн менеуæг. Æ фæрци адæймаги уæзæ еу-дууæ килограммей бæрцæ фæмминкъийдæр уй, организмæй уæлдай тæнгъæдтæ ке рацæуй, уой туххæй.

Дуккагæй, харбуз æнцонæй фесафуй стонги æнкъарæнтæ. Æ пайда ба уой медæгæ 'й, æма харбузи фæлмæни 100 грамми æдеугур ес 35 килокалорий – харбуз байдзаг кæнуй ахсæн æма адæймаг феронх уй е 'стонг. Уомæй уæлдай, минкъий ахедундзийнадæ нæййес аци халсарон гагарæзи адгин адæн дæр. Физиологион æртасæнтæ куд равдистонцæ, уотемæй адгиндзийнадæ хъæбæрдæр æвзурун кæнуй æфсеси æнкъарæнтæ. Уомæ гæсгæ харбузи фæрци ахсæн фæккосуй рæуæгдæр уагæвæрди, адæймаг хуæруйнагбæл минкъийдæр фæгъгъуди кæнуй.

Куд загътан, уотемæй харбуз минкъий пайда нæ хæссуй организмæн. Е агъаз кæнуй зæрди тогдадзинтти æма ургти незти азарæй ци рæсудтитæ фæззиннуй бауæрбæл, уони дзæбæх кæнгæй дæр. Харбузи дон æй фруктозæ æвзурунгæнæг. Е сæкæрæй игъаугидæр тагъддæр батайуй организми.

Харбуз ма пайда æй уомæй дæр, æма клетчатки хæццæ е æлхъевун райдайуй ставд хæлори æма ратæруй холестерини уæлдæйттæ. Диетологти гъудимæ гæсгæ, суткæмæ харбузи фæлмæн хуæрæн ес 2,5 килограмми, фал уой кæнун гъæуй æмхузон – минкъий хæйттæй. Уæлдай хъæбæрдæр аци домæн æнхæст кæнун гъæуй, сæ ургти дортæ кæмæн ес, еци адæмæн. Уомæн æма иннетæй игъаугидæр уонæн харбуз фулдæр пайда хæссуй.

Уæхæн сæйгити организми донихуппи цæнхити æмвæзадæ харбузи бауæргъæдти æндæвдади фæрци уæлæмæ исхезуй, æма тайун райдайунцæ тæккæ устурдæр дортæ дæр. Харбузи дон æрдзон æгъдауæй зианхæссæг бауæргъæдтæ æндæмæ ратæруй игæрæй. Уомæ гæсгæ харбузи аци æгæрон пайдабæл æнæмæнгæ гъуди кæнун гъæуй, игæри хроникон незтæ дзæбæх кæнгæй, уæдта хуайраг адæймагæн ку нæ батайуй, еци рæстæги дæр. Аци адгин халсар хуæрун дохтиртæ фæййамонунцæ антибиотикон медицинон хуастæй дзæбæхкæнуни кусти фæсте дæр.

Раст ку зæгъæн, уæд харбузи фæлмæни буни ци хъæбæр цъарæ фæууй, мах алкæддæр гæлдзгæ ке фæккæнæн, уой дон никки хъазардæр æй сурх фæлмæни донæй, донихупп тæрæн менеугутæ имæ фулдæр ке ес, уой туххæй. Фæткъуй дони хæццæ исхæлæмулæ кæнгæй си ци ниуазуйнаг рауайуй, е берæ хæлардæр æма иуонгрæуæггæнæг дæр æй. Еудзурдæй, харбузи цъари ци бауæргъæдтæ ес, етæ дæр минкъийдæр пайда нæ 'нцæ организмæн, махмæ ба уотæ фæккæсуй, цума етæ нецæмæн гъæунцæ. Фал уæхæн ниуазуйнаг агувзи æмбесæй фулдæр еу хаттæн ниуазæн нæййес. Уомæн æма тæссаг æй донихупп тæрæн менеуæг æгæр хъаурæгин ку фæууа, уомæй.

Дзубанди дæр ибæл нæййес, адгин харбуз практикон æгъдауæй пайда æй еугуремæн дæр. Фал æ берæ некæмæн бæззуй, уæлдайдæр ба сæкæри диабетæй сæйгитæн, сæ игæрти дортæ кæмæн ес, уæхæн адæмæн, дæлахсæнон незтæ кæмæ ес æма æндæртæн. Уомæй уæлдай зæрдæбæл дарун гъæуй, харбуз цæхгунти хæццæ ке нæ бæззуй, уой дæр. Уомæн æма цæнхæ тæнгъæдæ ниууорамуй организми, æма гæнæн ес, æ фæсте рæсудтитæ ку расайа, уомæн.

Кæронбæттæни ба мæ зæгъун фæндуй: кæд гæнæн уа, уæд ци харбуз æлхæнетæ, уой исбæрæг кæнетæ, нитраттæ си ес æви нæ. Етæ организммæ ку бахаунцæ, уæд зæрдæ фæххæссуй, губун фæддон уй, сауæнгæ ма уомун дæр фæццæуй. Кæд халсарти кæдзосдзийнадæ исбæрæг кæнун къохи нæ бафтуйа, уæддæр æй уæ бон æй балхæнун, æцæг уой уæ зæрдæбæл даретæ – харбузæн æ пайда æй æ хурфи фæлмæн, зианхæссæг нитраттæ ба бамбурд унцæ цъари.

***БЕСЛЕХЪОТИ Ирæ,***
***дохтир.***


# РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

**2021 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.**
**Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИ ÆМБЕСÆН ÆЙ 415 СОМИ ÆМА 44 КЪАПЕККИ.**




**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.**



Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор:** САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25– 22– 56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@rambler.ru

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и.**
**357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæрей еу хатт – геуæргибони.**
Почти индекс **161**.
Тираж **650**. Заказ **№1841.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 07.09.2020.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мухурон рауагъдади пайдагонд ку цæуа, уæд гъæуама æнæмæнгæ бæрæггонд уа, «Дигорæ»-й ке рафинстонцæ, е.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Рекламæ æма игъосункæнуйнæгти туххæй «Дигори» редакци æхемæ бæрнондзийнадæ нæ есуй.**